



Rusama 2022

*kirundu*

**Nta n'umwe yigeze abona Imana,  
dukundanye, Imana iguma muri  
twebwe Urukundo rwayo rukaba  
ruranutse!** (1 Yohani 4,12)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432  
Mail: [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
Homepage: [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

---

**Imana iragukeneye!  
God needs you!**

Bakunzi ba go4peace,

Yezu yabaye hano kw'isi ngo atsimbataze umugambi wa Se wiwe mu bumuntu bwiwe. Icamuguma ku mutima, bwari „ Ubwami bw'Imana“. Aho yaja hose, yama amenyesha ubwo bwami. Abantu barumva muri We urukundo n'umwidgegemvye vyaheza bikabakiza, kandi bikabaha n'umwidgegemvye mu buzima bwabo. Abahumye barahumuka, abamugaye bakagenda, eka n'abarwaye imibembe barakira.

Mu gihe gito Yezu yagendagenze icese mu bantu, yarerekanye ibimenyetso vy'urwo rukundo nyarwo. Niho rero abantu bumva rubakozeko, bagaheza bakamugendana. Mw'ishure ry'ubuzima kwa Yezu, barize barategera vy'ukuri ico ari co urukundo . Bishimikije ivyo bari babonye, niho Yezu amaze kuzuka baciye bakwira imihingo gushika muri Armeniya na Georgia, gushika I Bulaya, mbere no mu Buhindi. Uko niko bakwiragije inkuru nziza y'urukundo, rushaka vyonyene gukunda, no gushika „ku mpera y'isi“. Gutyo barafashije mw'iranguka ry'umugambi w'Imana. Gukunda – gurtyo nyene gusa - ata kiguzi, kubw'ingabirano - ako ni ko karanga k'Imana. Erega kugira gurtyo nyene ni ryo torwa ryawe. Kugira ivyo biranguke Imana „iragukeneye“. Yemerere uti ego - kandi kira musi gushasha.

Kuri ivyo Toma avuga ati : „ Nari nagiyeye kuramukanya mu gihugu c'Ubudagi. Hari inyuma gatoyi y'umwuzurira w'amazi muri Ahrtal. Abantu benshi bari barahasize ubuzima. Inzu nyinshi zari zarasambutse. Natwe twari mu nzira tugenda kuramutsa umuryango wari waradufashije. Twari twicaye ahantu hanini, hari harononekaye kandi hakanye. Twari dusanzwe twizaniye ikawa yo kunywa. Niho twatega amatwi baratwiganira ivyashikiye uyo muryango. Baratuyagiye ingene uyo mwuzurira wabatwaye vyose, Imana ishimwe, warabasigariye ubuzima. Turahava turatembera n'amaguru mu gisagara. Ariko ivyo twarimwo ntivyari bihimbye namba. Jewe najanye n'umukobwa wo muri urwo rugo be n'umugenzi wiwe. Baguma bavuga amaganya n'ubwoba bafise. Niho babaza igituma dushaka kubitararika. Ndaheza ndabayagira ivyerekeye ukwemera kwanje muri Yezu, We asanzwe ari rukundo, kandi akadutimirira natwe gukundana. Kuri bo ivyo vyose vyari bishasha. Mu kiyago cacu harimwo ukwizigirana kudasanzwe. Niho rero vyabakozeko bakugurura imitima yabo. „**Imana iragukeneye! – God needs you!**“